

State of Rhode Island
Rhode Island Department of Children, Youth and Families



Rhode Island

Deklarasyon sou Dwa Frè ak Sè genyen

Asosyasyon Komisè ak Direktè Byennèt Timoun New England nan rekonèt empòtans ak valè relasyon ant frè ak sè genyen. Dwa sa yo fèt pou gide òganizasyon Byennèt Timoun New England yo ak founisè ki travay pou yo pandan y ap bay jèn swen ak sèvis, avèk yon angajman anvè pèmanans, sekirite, ak byennèt. Se Kolaborasyon Jèn New England nan (NEYC) ki te devope Deklarasyon sou Dwa sa a avèk sipò Asosyasyon sa a.

Piske: yo rekонтèt e respekte empòtans relasyon ki gen ant frè ak sè;

Piske: relasyon ant frè ak sè bay yon timoun konstans ak stablite pandan l nan yon plasman;

Piske: lyen ki gen ant frè ak sè diferan ke lyen ki gen ant paran ak pitit, epi l gendwa gen ladan l relasyon ak moun ki pa fanmi pa mwayen san;

Piske: frè ak sè pataje menm istwa, menm eritaj, menm kilti, e souvan menm byoloji, bagay li empòtan pou yo prezèvè;

Piske: lè yo separe frè ak sè, yo fè yon gwo pèt, sa ki fè yo dwe repare pèt sa a avèk kontak ant frè ak sè sa yo souvan e regilyèman;

Piske: chak timoun akèy merite dwa pou l konnen e enplike aktivman nan lavi frè ak sè l yo, sof si gen sikontans ekstrèm ki pa rive fasil.

Chak timoun akèy:

- 1.** Dwe plase menm kote ak frè l ak sè l yo.
- 2.** Dwe toupre kote frè l ak sè l yo ye si li pa posib pou l menm kote avè yo, yon fason pou l ka gen bonjan kontak avèk yo souvan.
- 3.** Dwe jwenn okazyon pou l pran kontak ak frè ak sè l yo, kèlkeswa kote yo ye. Yo dwe detaye pa ki mwayen l ap kontakte yo nan plan sèvis timoun nan.
- 4.** Dwe enplike aktivman nan lavi frè ak sè l yo epi l dwe nan fèt yo fè, san wete fèt nesans, fèt nasyonal, gradyasyon, ak etap empòtan nan lavi yo.
- 5.** Dwe gen kontak avèk frè ak sè l yo kontinyèlman e regilyèman, epi sa ap ekri nan plan sèvis li.
- 6.** Dwe enplike lè y ap pran desizyon sou plan pèmanan frè l ak sè l yo. Timoun akèy dwe konnen ki sa pou l atann anrapò ak kontak kontinyèl avèk frè l ak sè l lè yo adopte frè/sè l la oswa lè yon moun vin responsab li.
- 7.** Dwe jwenn anons nan men òganizasyon Byennèt Timoun nan oswa ajan l yo konsènan chanjman nan plasman frè ak sè l yo.
- 8.** Yo dwe enfòme timoun akèy la lè frè/sè l pral soti nan swen fanmi akèy. Moun ki pa ak yon fanmi akèy ankò dwe toujou kapab kenbe kontak ak frè ak sè l ki toujou ak fanmi akèy.

9. Dwe jwenn sipò nan men òganizasyon Byennèt Timoun nan nan efò 1 ap fè pou 1 antretni relasyon avèk frè 1 ak sè 1 yo ki pa ak fanmi akèy, ki te jwenn adopsyon, oswa ki gen yon moun ki responsab yo. Depatman an dwe fasilite kontak sa yo selon sa ki apwopriye.

10. Dwe gen kontak avèk frè 1 ak sè 1 yo regilyèman, selon yon pwogram ki stab, e yo pa dwe anpeche 1 gen kontak sa a kòm yon pinisyon lè 1 fè dèzòd, sof si gen enkyetid anrapò ak sekirite